Ассаламу гIалайкум!

# АХИХЪАН

№ 37 (7333)
6 сентябрь 2018 сон
Хамиз
sadovoduns@yandex.ru
Багьа 7 гъурущ

Газета бахъизе байбихьана 1937 с. УНСОКОЛО РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА «САДОВОД»

ЦIилъаби

## Спортивияб «workout» площадка рагьана



2 сентябралда Унсоколо районалда рохахинлъиялъул ахIвал-хIалалда рагьана «workout» цIияб спортивияб площадка. Гьеб проект гIумроялде бахъинабуна Дагъистаналъул БетIер В. Васильевасул хIаркаталдалъун, кумек гьабуна «Трезвая Россия» федералияб проекталъ.

Рохалилаб тадбиралда гIахьаллъана РДялъул физическияб культураялъул ва спорталъул министр М. МухIамадов, РДялъул гIолилазулгун хIалтIи гьабиялъул министр К. СагIидов, районалъул бетIер ГI. НурмухIамадов, РДялъул Халкъияб Собраниялъул депутат М. МухIамадов, администрациялъул вакилзаби, цо-цо росабазул бутIрул.

Тадбир рагьана районалъул культураялъул отделалъул нач. ГI. ГIабдулаевас, гьес рагIи кьуна ГI. НурмухIамадовасе. Жиндирго кIалъаялда бетIерас гьадин абуна: «Жакъасеб нужер рачIиналъ бихьизабуна Дагъистаналъул гIадамазул гIумро лъикIлъиялъе республикаялда гьарулел ругел лъикIал хIалтIабазул. Гьелъ ракIал рохизаричIого толаро.

Балъголъи кколаро власталде В. Г1абдугIалиевич вачIаралдаса республика цебетIеялъе ва тIегьаялъе гьабулеб бугебщинаб хIалтIи. Бихьизабизе бокьун буго араб дагьабго заманалда жаниб гьесул кумекалдалъун ва кверчIваялдалъун тIаде лъалел хиса-басиял кканин нилъер районалдаги, тIолабго Дагъистаналдаги,-абун. Гьелъие мисаллъун ккола нилъер район ги. Нилъеца – Унсоколо районалъул гIадамаз унго-унголъунги хасаб баркала загьир гьабула гьел церетIеязухъ нухмалъиялъе. Ва кIудияб божилъигун абизе кIола гьеб бугин байбихьи нилъер республикаялда ва районалда гьарулел хIалтIабазул. Гьезулъ гIахьаллъизе кидаго хIадур руго нилъ»,-абун.

Лъугьа-бахъиналъул кIварги кIодолъиги бичIчIун кIалъалаго «Трезвая Россия» федералияб проекталъул нухмалъулев Султан ХIамзатовас бихьизабуна: «Гьаб ккола «Трезвая Россия» проекталъ республикаялда гIумроялде бахъинабураб тIоцебесеб спортплощадка. Гьединал проектал ран руго Дагъистаналъул тахшагьаралда ва цогидалги муниципалитетазда. Проект хIалтIулеб буго спорт щивасухъе щолеблъун гьабиялъе, чIобого гьединал площадкабаздаса гIадамаз пайда босиялъе киса-кирего. Нилъер мурад буго республикаялдаго спорталдаса пайда босулел цIикIкIин. Гьединлъидал нижеца тIолабго кIвар кьолеб буго гьадинал площадкаби киса-кирего Дагъистаналъул рикIкIадал бокIназдаги рукIинелъун.

Саламалъулаб кIалъай гьабуна спорталъул министр М. МухIамадовасги гIолилазул министр К. СагIидовасги. Гьез бихьизабуна Дагъистаналда спорталъулъ Россиялдаго лъикIал хIасилал щвеялъе гьадинал площадкабаз пайда кьезе бугин.

РДялъул НСалъул депутат М. МухIамадовас жиндирго кIалъаялда тIадчIей гьабуна Халкъияб Собраниялъул киналго фракцияз кверчIвай гьабизе кколин гьединал проектазе,-абун. «МугIрузда инфраструктура лъикIлъани, масала, нухал, школал, больницаби, ясли-ахал, спортивиял объектал ругони, гIадамал росабалъ чIола ва гьел рукIинариялъе квербакъи гьабизе ккола»,-ян тIадчIей гьабуна гьес.

Дагъистаналдаго гьеб площадка ккола рикIкIеналъулъ анкьабилеб. Гьелъул аслияб лъикIлъиги ккола гIолилал наркоманиялдаса ва гьекъел-мехтелалдаса цIунизе кумек гьабизе букIин.

Тадбир берцин гьабуна «Счастье гор» лъималазул кьурдул ансамблялъ гьабураб кьурдиялъ. Тадбир рагьун хадуб рукIана произвольниял программабазда рихьизарулел церерахъинал, къуваталъулгун къохIехьеялъул техникаги цIунун.



Веркаут – ккола азбаралда букIунеб спортивияб видалъул бищунго цебетIураб вид. Гьелъ жанире рачуна къватIазда, азбаразда рукIунел гIемерал машгьурал упражнениял, турниказул, брусьязул ва цогидалги жалазул кумекалдалъун гьарула гьел. Гьелги жанире рачун ругоан къецазулъе.

## РДялъул соцстрахованиялъул Фондалъул данделъи

Араб анкьалда районалъул Шамильхъалаялда бугеб культураялъул КIалгIаялъуб букIана Россиялъул Федерациялъул Дагъистан Республикаялда бугеб социалияб страхованиялъул регионалияб отделениялъул Фондалъул хIалтIухъабазул совещание. Гьенир гIахьаллъана райадминистрациялъул бетIерасул экономикияб рахъалъ зам. С. АрулмухIамадов, РДялъул социалияб страхованиялъул Фондалъул управляющиясул зам. Ш. ГIабдулаев, хIалтIухъаби Х. ГIабдулаева ва А. МукагIилова, Унсоколо районалъул уполномочениняв вакил М-ГI. СагIабдулаев, техническиял суалазул рахъалъ фондалъул специалист Э. Зайналов.

Гьединго совещаниялда рукIана ГIахьвахъ, Болъихъ, Хьаргаби, Гъуниб, ЛъаратIа, ЧIарада районазул вакилзаби, Унсоколо районалъул ЦРБялъул бетIерай врач ГI. МухIамадова ва гь. ц.

Къойил темаялда букIана электронnияб къагIидаялъ больничниял листал цIезариялъул суал. КIалъазе рахъараз бицухъе, электронниял «больничниял» рукIуна хIалтIизе кIунгутIиялъул рахъалъ бащадаб юридическияб къуват бугеб, кагътида бугебго гIадаб, хIалтIи кьолезе гьелъ харжал гIодоре ккезарула кагътил отчетал гьариялда ва цIуниялда тIад унел, нолалде бачуна страховияб мощеничество, ай гьересиял «больничниял» роси.

Шарапудин ГIабдулаевас жиндирго кIалъаялда бихьизабуна: «Жакъа нилъее бокьун гьечIо киналго хIасилазда рекъон нилъер республика ахирисел кьеразулъ букIине. Гьединлъидал гьеб суалалъул кIваралъухъ балагьизе ккола жавабчилъигун»,-абун.

Техничекиял суалазда тIадчIей гьабуна Эльдар Зайналовас, Аминат МухIамадова тIадчIана фондалъ гьарулел пачалихъиял хъулухъазда, гьезул аслиязда, фондалъ битIухъегоял выплатаби гьарулеб мехалъ лицевиял счетал цIезариялда, заманалъулал кIунгутIиялъул, лъимер гьабизе ругезул ва гьарун хадур кьолезул, хадуб хъулухъ гьабуралъухъ выплатабазда ва гь. ц. Бицана гьел хъулухъал щвеялъе хъвай-хъвагIай гьабизе кколеб куцалъул, хIажатал документазул.

Совещаниялъул ахиралда гIахьалчагIаз кьуна суалал, гьезие щвана чIванкъотIарал жавабалги.

**Ахихъан**

*Районалъул газета*

*№ 37 (7333)*

*6 сентябрь 2018 сон*

2 гьумер

3000 цIикIкIун цIалдохъан цIализе вуго гьаб соналда Унсоколо районалъул школазда. Гьездасан 360 ккола исанаго исана школалде рачунел.

ЦIияб цIалул соналда цересел къоязда школазул коллективалгун дандчIвана РДялъул росдал магIишаталъул министр А. Абулмуслимов, ГI. НурмухIамадов, райадминистрациялъул жавабиял хIалтIухъаби С. АрулмухIамадов, К. Асадулаев, М. ХIамзатов ва цогидалги.



* Салам - школа!

# ЦIидасанги каваби рагьана



**Киса-кирего улкаялъул школазда байбихьана цIияб цIалул сон, цIидасанги такрар гьарулел руго дарсал, хIалхьиялъул минутал, захIмат ва праздникал. Лъаязул къоялъ цIалул сон байбихьилалда хурхарал тадбирал тIоритIана нилъер районалъул школаздаги.**

Районалъул бетIер ГI. НурмухIамадовас ва росдал магIишаталъул министр Абулмуслим Абулмуслимовас гIахьаллъи гьабуна Унсоколо № 2 гьоркьохъеб школалъул Лъаязул къоялда хурхун тIобитIараб тадбиралда. Гьединго гьенив вукIана Унсоколо росдал бетIер ХI. ГIабдулаев, райадминистрациялъул вакил П. ГIалиева ва цогидалги.

Россиялъул Федерациялъул гимн ахIиялдасан ва рохахинлъиялъул линейка лъазабиялдасан байбихьана гьеб. 2018-2019 цIалул соналъул хIурматалда цIалдохъабаз линейкаялде босун бачIана РФялъул пачалихъияб ва РДялъул Байрахъал Линейкаялда чIун рукIана гьанжего гьанже школалъул каву рагьарал гьитIичал ва чанго саназ цIаларал.

Баркиялъул кIалъайгун кIалъана школалъул директор А. ГIалиев: «Гьарула киналъулъго битIккей, талихI-рохел. ЛъикI щварал школалде!»,-ян лъугIизабуна гьес кIалъай. Гьединго директорас гьалбадерида ва цIалдохъабазда бицана школалъул хIакъалъулъ. ЦIалдохъабаз лъай-хъвай гьабуна А. Абулмуслимовасулгун.



Жиндирго кIалъаялда Абулмуслим МухIудиновичас школалъул цIалдохъабазда, педагогазда бицана Дагъистаналъул БетIер В. Васильевасул ва Дагъистаналъул Правительствалъул пред. Артем Алексеевичасул гьари-рахьиял.

Хадув кIалъазе вахъана ГI. МухIамадович. Жиндирго баркиялъул кIалъаялда гьес абуна: «Гьаб праздник буго лъагIалил бищунго нилъ ургъалилъе ккезарулеб ва кIвар бугеб. Щибаб гIелалъе хирияб буго гьаб. Гьаб праздникалъ нилъеда лъалареб гIумроялде нуцIби рагьула, лъаялде нух кьола ва тIолабго гIумроялъ рекIелъ хутIула школалъул гIумроялъул лахIзатал.

Байбихьуда баркизе бокьун буго исана школалде рачаразда. ЧIахIиязда абуни цебе буго гIумроялъул махщел тIаса бищиялъул кIвар бугеб суал. Биччанте гьеб букIине бечедаб ва интересаб, творчествалъулаб магIна бугеб»,-ян лъугIизабуна гьес кIалъай.

ЛъикIго хIадурун ругоан цIалдохъаби жидерго тадбиралде. Гьез рихьизаруна интересал сценкаби, цIалана кучIдул. Школалда цIалулел лъималазул улбузул цIаралдасан кIалъана П. ГIалиева.

Ахиралда кьабуна цIумур, гьелъ цIидасанги ахIана цIалдохъаби лъай босизе.

Терроризм: рагьарал дарсал

# «АхIулгохIда» Беслан ракIалде щвезабуна




3 сентябралда «Унсоколо район» МОялъул школазул цIалдохъабазе «АхIулгохI» мемориалияб комплексалда кьуна «2004 соналда Бесланалда балагьал къоял» абураб бихьинчилъиялъул дарс.

Тадбиралдла гIахьаллъана ва цIалдохъабазда цеве кIалъазе вахъана Унсоколо районалъул бетIерасул хIинкъи гьечIолъиялъул рахъалъ зам. М. ХIамзатов, Унсоколо росдал бетIер ХI. ГIабдулаев, музеялъул директор С. ГIалиев, ГIашилтIа школалъул директор М. МухIамадшапиев.

ЦIалдохъабазе бицана Бесланалъул гIадамазде бачIараб балагьалъул, гьединлъидал I сентябрь щибаб Россиялъул хьизаналъе буго балагь бачIараб къолъунги.

КIалъазе рахъараз бихьизабуна кидаго цIодорго рукIине кколин. «Нилъеца щивас хIаракат бахъизе ккола террористаз гIадамал гьури гIадал балагьал ишал риччангутIиялъе, додинаб балагь такрарлъунгутIиялъе. Гьелъие нилъер аслияб ярагъ буго цIодорго рукIин, цоцалъ гьунки, ишалдехун батIалъи гьечIолъи лъугIизаби»,-ян бихьизабуна МухIамад ХIамзатовас.

# Ракълил дарс



3 сентябралда, ай терроризмалде данде кьеркьеялъе гIоло цолъиялъул къоялъ Рихьуни школалда тарихалъул ва общество лъазабиялъул учительница П. Лабазановалъ тIобитIана «Россиялъул Къо» абураб дарс. Дарсил мурад букIана цIалдохъабазулъ ВатIаналде рокьи куцай, Россиялъул символалъул рахъалъ гьезие лъай щвей, лъималазулъ коммуникативиял навыкал церетIезари, коллективалъулаб асар гIолеб гIелалъулъ куцай.

Дарс байбихьана лъикIаб гьира-шавкъгун, Россиялъул символалъул рахъалъ гьабуна викторина. Гьелъ гIолеб гIелалъулъ куцала общественнияб гIумроялдехун тIаса-масаго балагьичIого киналъулъго хIаракатчагIилъун рукIин.

Гьединго тарихалъул учитель Р. ГIабдулвагьабовалъ дарс кьуна «Терроризм гьечIого дир Россия»,-абураб темаялда. Гьелъ Бесланалда ккаралъул хIакъалъулъ хIадурун бугоан текст дарс кьезе. Гара-чIвариялда рагьана «терроризм», «теракт» абурал рагIабазул магIна ва рицана гIиллаби терроризм бижизабиялъе ругел.

Теракт ккани, яги гьоркьлъалие террористаз росани, гьаризе кколел къагIидабазулги лъай-хъвай гьабуна цIалдохъабазулгун.

Кагьтазул гьарурал хIанчIаздалъун лъималаз кIудияб планетаялда рукIун жидерго анищазул бичIизабуна. Бицана кин хъахIаб микки ракълил символлъун ккараб, кьеркьеялъул, рагъул, зулму-гIазабалъул, хIинкъи-къаялъул, магIил символалъул.

# Дир рекIел улка

Киналго улкаби лъикIал ругоан

Амма, мун Дагъистан, - дир рекIел улка!...

Гьал къоязда Рихьуни ЗаргьалаевасулцIаралда бугеб гьоркьохъеб школалда гIурус мацIалъул ва литератураялъул учительница А. Жаватхановалъ тIобитIана «Дагъистан – мугIрузул улка»,- абураб темаялда рагьараб дарс. Гьелъул аслияб мурад букIана цIалдохъабазулъ захIматалде рокьи бачIинаби, гьелъул тарихалде интерес бижизаби, гьайбатаб, бечедаб нилъер культура ирсалъе кьей, гIамал-хасияталъул тарбия кьей.

Дарс кьеялъе хIалтIизаруна ИКТялъул жал, халкъалъул ретIел-тIех. Тадбир тIобитIана сапаралъ унаго гIадин. Дарс ана кутакаб гьудуллъиялъулаб къагIидаялъ, лъималаз цIалана цIар арал поэтазул кучIдул. Гьезда бицунеб букIана нилъер халкъазул цолъиялъул, гьункиялъул. 5 классалъул цIалдохъабаз бихьизабуна гIадатазда хурхараб сценка, гьаруна халкъиял кьурдаби. Лезгинка ккола кутакалда берцинаб кьурди, гьелъулъ буго Дагъистаналъул халкъалъул гIамал-хасият, ракI. Гьеб рагьана цIалдохъабаз кьурдабазулъ.

Дарс унаго рукIана информационниял роликал, гьенир рицунел рукIана мугIрул ракьалъул берцинлъиялъул, гьелъул памятниказул.

ЦIалдохъабаз кIудияб интерес гьабулеб букIана нилъерго гIумроялъул ва хIаракатаб гIахьаллъи гьабуна дарсилъ. Дарсида гьалбал хIисабалда гIахьаллъана школалъул директор А. МухIамадов, гьесул зам. З. ХIожолаева, А. Камилова ва цо-цо учительзаби. Гьез лъикIаб къимат кьуна дарсие.

**Ахихъан**
Районалъул газета
№ 37 (7333)
Хамиз
6 сентябрь 2018 сон



# Садовод

**Страница в номере**



**Пенсионная реформа**

## Основные направления

*Повысить пенсионный возраст для женщин до 60 лет, для мужчин — до 65 лет;
*Ввести социальную категорию «граждане предпенсионного возраста» для 55-летних женщин и 60-летних мужчин;
*Разрешить многодетным матерям выходить на пенсию досрочно: при наличии троих детей — в 57 лет; четверых — в 56 лет; пятерых — в 50 лет;
*На три года уменьшить стаж, дающий право на досрочный выход на пенсию: для женщин — до 37 лет, для мужчин — до 42 лет;
*Предоставить право оформить пенсию на шесть месяцев раньше россиянам, которым предстояло выходить на пенсию в ближайшие два года по старому законодательству;
*Повысить с 2019 года пособие по безработице для лиц предпенсионного возраста — с 4 тыс. 900 руб. до 11 тыс. 280 руб. — и установить период выплаты в один год;
*Ввести надбавку в 25% пенсионерам со стажем в 30 лет в сельском хозяйстве;
*Ввести административную и уголовную ответственность для работодателей, которые не берут на работу людей предпенсионного возраста и увольняют их;
*Предложить реальные стимулы для бизнеса, чтобы работодатели были заинтересованы принимать и сохранять на работе граждан предпенсионного возраста;
*Сохранить льготы для граждан предпенсионного возраста по налогам, оплате ЖКХ и проезду на транспорте;
*Предоставлять работникам предпенсионного возраста 2 дня на бесплатную диспансеризацию с сохранением зарплаты;
*Утвердить программу по повышению квалификации для граждан предпенсионного возраста;
*Сохранить пенсионные льготы шахтеров и чернобыльцев;
*Сохранить действующие условия назначения пенсий для коренных малочисленных народов Севера.

## *Единый республиканский урок «Экстремизму – нет!»*



3 сентября 2018 года во всех общеобразовательных учреждениях Унцукульского района провели единый республиканский урок на тему: «Экстремизму – нет!», приуроченный ко Дню солидарности в борьбе с терроризмом, с участием видных общественных деятелей, ветеранов боевых действий и представителей правоохранительных органов.

Кроме того, в некоторых школах на уроках также присутствовали главы и имамы сельских поселений, участники афганской войны и родители учащихся.

Ребятам рассказали о современных видах и состоянии экстремизма в России среди молодежи, правовых основах его противодействия. О причинах экстремизма в мире и о том, что его проявления есть и в нашей республике. А также, о формах и методах борьбы с этим недугом.

На уроках была использована документальная хроника, где говорилось о громких терактах, совершенных на территории России за последние годы.

Проведенные уроки способствуют воспитанию благожелательного отношения к людям.

Ребята активно участвовали в диспуте, высказывали свои суждения и свое отношение к заданной проблеме, делали выводы. Они были не только слушателями и зрителями, но и активными участниками мероприятия.

# Трудоустройство и охрана труда несовершеннолетних

В соответствии со ст. 63 Трудового кодекса РФ, заключение трудового договора допускается с лицами, достигшими возраста 16 лет. Это общее правило. Но при определенных условиях, предусмотренных законодательством, возможно заключение трудового договора также и с лицами, которые моложе указанного возраста. Так, лица, получившие общее образование или получающие общее образование и достигшие возраста 15 лет, могут заключать трудовой договор для выполнения легкого труда, не причиняющего вреда их здоровью.



Заключение трудового договора с лицом, получающим общее образование и достигшим 14 лет возможно только для выполнения легкого труда, непричиняющего вреда его здоровью в свободное от получения образования время и без ущерба для освоения образовательной программы. При этом обязательно должно быть согласие одного из родителей (попечителя) и органа опеки и попечительства на заключение трудового договора.

С лицами, не достигшими 14 лет, возможно заключение трудового договора только в организациях кинематографии, театрах, театральных и концертных организациях, цирках для участия в создании и (или) исполнении (экспонировании) произведений без ущерба их здоровью и нравственному развитию. При этом заключение трудового договора допускается исключительно с согласия одного из родителей (опекуна) и разрешения органа опеки и попечительства. Трудовой договор от имени несовершеннолетнего в этом случае подписывается его родителем (опекуном). Кроме того, в разрешении органа опеки и попечительства указываются максимально допустимая продолжительность ежедневной работы и другие условия, в которых может выполняться работа. Гарантии для несовершеннолетних при заключении трудового договора

Лица моложе 18 лет принимаются на работу только после предварительного обязательного медицинского осмотра и в дальнейшем, до достижения 18 лет, ежегодно подлежат обязательному медицинскому осмотру, которые проводятся за счет средств работодателя.

С несовершеннолетними, занимающими должности или выполняющими работы, непосредственно связанные с хранением, обработкой, продажей (отпуском), перевозкой или применением в процессе производства переданных им ценностей запрещается заключение письменного договора о полной материальной ответственности.

Работы, накоторых запрещается применение труда несовершеннолетних

В соответствии со ст. 265 Трудового кодекса РФ запрещается применение труда лиц моложе 18 лет:

1 На работах с вредными и (или) опасными условиями труда.
2 На подземных работах.
3 На работах, выполнение которых может причинить вред их здоровью и нравственному развитию (игорный бизнес, работа в ночных кабаре и клубах, производство, перевозка и торговля спиртными напитками, табачными изделиями, наркотическими препаратами, токсическимивеществами, материалами эротического содержания).

Кроме того, запрещаются переноска и передвижение несовершеннолетними тяжестей, превышающих установленные для них предельные нормы.

Так, молодые рабочие от 16 до 18 лет не должны назначаться на работы, заключающиеся исключительно в переноске или передвижении тяжестей весом свыше 4,1 кг. Предельная норма переноски тяжестей для несовершеннолетних от 16 до 18 лет составляет:

*для юношей – 16,4 кг
*для девушек – 10,25 кг

Передвижения тяжестей несовершеннолетними допускаются в пределах указанных в постановлении норм и лишь в случаях, если они непосредственно связаны с выполняемой ими постоянной профессиональной работой и отнимают не более одной трети рабочего времени.

Помимо работ с тяжелыми, вредными или опасными условиями труда, лица моложе 18 лет не могут привлекаться к работе:

1 Вахтовым методом.
2 По совместительству.

Кроме того, в соответствии со ст. 268 Трудового кодекса РФ запрещается привлекать работника моложе 18 лет к ночным и сверхурочным работам и к работам в выходные и нерабочие праздничные дни, а также направлять в служебные командировки (за исключением творческих работников средств массовой информации, организаций кинематографии, театров, театральных и концертных организаций, цирков и иных лиц, участвующих в создании и (или) исполнении произведений, профессиональных спортсменов в соответствии с перечнями профессий, устанавливаемыми Правительством РФ .

Сверхурочной работой для лиц моложе 18 лет считается работа, превышающая установленныедля них сокращенные нормы продолжительности рабочего времени.

Гарантии несовершеннолетним работникам при расторжении трудового договора В соответствии со ст. 269 Трудового кодекса РФ расторжение трудового договора (контракта) с работником моложе 18 лет по инициативе работодателя (за исключением случая ликвидацииорганизации),помимособлюдения общего порядка увольнения, допускается только с согласия государственной инспекции труда субъекта Российской Федерации и районной (городской) комиссии по делам несовершеннолетних.

**М. А. МАГОМЕДАЛИЕВ**
**Вед. инспектор по трудоустройству ГКУ РД ЦЗН в МО «Унцукульский район»**

# Сатирикияб букIон



## Жакъасеб Америка

Бищун цебе ракьалда
Атомалъул ярагъалъ
ГIемерав чи гъурараб
ВахIшияб Америка.
ТIолабго дунялалъе
ХIинкъи жиндир кIудияб
Загьрояб борохь гIадин
КIечIолеб Америка.
Гьунар гьечIеб чIухIигун
ЧIалгIаде гаргадулеб
Дунялалда рихараб
Рокъукъаб Америка!
ЛъикIал лъугьа-бахъинал
РагIизе бокьулареб
ЖахIда-хIусуд гIемераб
БегIукъаб Америка.
Дунялалда тIад ханлъи
Гьабизе,-ян къеркьолеб
Бечелъун жиб гIорцIараб
ЧIухIараб Америка.

Жиндир иш гурелъубе
БетIер баккизабулеб
Бокьа-бокьараб гьабун
Гогьлъараб Америка.
Чорокаб гIамалалъул
ГIадалал пикрабазул
Хъублъигун цебе унеб
ХъахIбаяб Америка.
Бицунебгун гьабулеб
Кинго данде кколареб,
Божуда рекIкIал гьарун
Ругъунаб Америка.
РикIкIада жибгоги чIун
ХIукуматал гьсулеб,
Гьезул талихI къвиналда
ГIумро тIамулеб улка!
Рагьазе чагъана хъван
ХъантIун цебе кIанцIулеб
Гьерсил политикаялъ
Чарлъараб Америка!

Халкъал ригьинаризе
Гъегъ базе ругьунлъараб
ЛъикIаб жо бокьулареб
Сурараб Америка.
ХIал дагьал улкабазда
Питна цIикIкIинабизе
Планал гьарулезе
Нух кьолеб Америка.
Дунялалъул тушбаби
ЦIуниялъе къеркьолел
Къуватазда къвал бараб
КъабихIаб Америка.
Россияги Китайги
Цере тIезе теларин
РакIал махIцун хIапдолел
ХIал хъубаб Америка!

**ТIалхIат АХЪБЕРДИЕВ**
**Гъизилюрт шагьар.**

## Ветераназул госпитал

Рагъул ветеранал лъугIана, ана
Анир хутIун руго хIалтIуца чIварал,
РухIбахъи нахъ бахъун бажаруларо
Къимат гьезул гьаби рекъараб буго.
Баркала, Гьидалъа Ибрагьимие
Нилъер тIалабалъе больница барав,
Байги дунялалда дуца нусго сон
Хъвагеги газетаз мун тIокIалъ гьечIин!
Гьаниб гIадло буго гIадан вохулеб,
МахIаби хваразе рекIине гьакал,
Гьал кабинетазде гирун рачунел
Чергесал ясазул рохалил хинлъи.
Москва Кремлялъ приказ кьолареб
Иман-яхIалда тIад тIегь баккараб бакI,
ТIадмагIарулазул яхI-намусалъул
ЛъалкIал хутIараб бакI, бихьизе рачIа!
Укол гьабуралъухъ мухь босулареб
Хьибил чIалхаралъухъ гIарац унареб,
Дов хирург Пирогов вачIуна цеве
Шамил -мюридазул ругънал рухьунев.
Гьанир покривалал картIал рахъарал
Хрушев пачаяс речун ратила,
ХIукумат бикъулал чиновникаца
Къан борче рачел,-ян рехун тана гьал.
Гьазул хIаракатаб хIалтIул рахъиялъ
ХIатIазда чIун буго тIолго госпитал
ТIолго унтараца баркала кьеян
Вакил гьавурасул назму буго гьаб.

## Ансадерил КущматIа

Цебе ансадерил КушматIа магъилъ
Кари-куракалъул гъутIби рукIана,
Щугъи магIардаса гIурухъри рештIун
ЦIаназул рехъабаз рукъулаан заз.
ХинлъимитIа росулъ тIегьарал ахаз
Ихдал тIансалъулеб тIолго гIурулмухъ,
ХеречIдерил парсахъ бехей чвахулеб
Чвахукь бакIалъ кьолеб росдае дангъва.
Цебе сангарги къан, къана гIуруй нух
ГIурул лъекь хутIана тIолго берцинлъи,
ГIадамазе зарал бецIизе тараз
ГIор щун букIаго цIул, бахъун тараб куц.
Хургин сан букIинчIел кIицIул бергьана
Бащдаб гъоркь танани, кьолеб букIиналъ,
Лъекь хурзал хутIарал толохIоч тана
Эбелалъул инсул цIар мекъи батун.
ГIор цебесан къалел хIалтIухъабазе
ХIукуматалъ бана лъикIаб поселок,
Лъабабилев имам Шамилил цIар кьун
КIодо гьабуна гьеб Дагъистаналъе.
ГIурул лъел чвахиялъ чархалги сверун
Чубайсил чунтбухье чвахана давла,
ГIор къалел рукIарал хIалтIухъабазе
ХIалтIи гIуцIиялъе багъаричIо квер.
МагIарул росабаз культураби хIан
Пакетал росана тургьби рехун тун,
КъваригIел лъугIидал гIурулъе рехун
Рохун руго рихьун, хъазалин эл тун.

## Суайбат ХIамзатовалъухъе

Суайбат ХIамзатова,
Рихьундерил итаркIо
ЧIирчIиди кIвараб куцалъ
Дунги хIалай вахьинин.
Поэзиялъул букIнилъ
Дур кучIдузда бер чIвайдал
Михьилъе хьимула дун
Гьале дир ракьцояйин.
РачIа цоцада рекъон
Рекламаби гьарилин,

Гьеб къагIида гурони
Гьанже рекъолеб гьечIин!
МагI щварал чуял гIадин
Чвархьиялда цере ун,
Поэзиялъул тIогьир
Теларин нилъеца ал!
Тукен лъурав какила
Коммунизма бухIарав,
Корохъ хутIарав веццун
Цо-цо рагIи абила.

Гунащевас таниги
СагIадулаев щвана,
СагIадулаевасги
Саниятихъе кьуна.
Кьили мегIер гIадинаб
«Ахихъаналъул» гьумер
Гьайбатал назмабаца
ЗанкIун цIезе гьабила!

**ЖабрагIил-хIажи**
**ХАЛИДОВ.**

Пайдаяб малъи

# ЦIоросаролъалъ бидурихьал цIунула

ЧIезабун буго столалда тIад цIоросаролъил квен букIунел хъизаназда рекIелгун бидурихьазул унти дагьго букIунилан

ЦIоросаролъ ккола гIодобегIанисеб колориялъул продукт, цIакъго къиматаб злак, гьелдалъун сах гьаризе кIола диабеталъул ва кьаралъиялъул байбихьулаб этап. Хараб цIоросаролъил сокалъ сах гьарула лишай ва экзема. Риххел щвараб мехалъ боркьун хадуб найил гьацIулъги жубан кванаян бихьизабулеб буго цIоросаролъ.



РекIел унтудалъун цо кибехуниги гьорал рехулел ругони, цо ст. гъуд цIоросаролъил цо стакан гьалараб лъелъеги бан лъадал банялъуб 5-I0 минуталъ гьализабила, гьелда гьорлъе жубай 2-3 гъуд гьацIул ва I-2 нухалъ гьекъе кваналелда цебе.

Почкабаз кьолел гьороял ругони, гIисин гьарурал расул кесказде (рылец) тIе I,5 стакан гьалараб лъел, лъел банялъуб гьализабе. I-3 ст. гъуд гьекъела кваналалде 20 минуталъ цебе. ЦIоросаролъил нахалъ борхизабула ццидал къвачIаялъул тонус, гьеб лъикI хIалтIизабула. Гьекъе кIиго нухалъ къойида жаниб I-I ст. гъуд.

Атеросклероз бугони цIоросаролъил нах гьекъе I ст. гъуд къойида жаниб 3 нухалъ, кваналелде цебе. Гьелъ бидул холестерин гIодобе ккезабула, макьу лъикIлъизабула.

# Паническияб атака

### (БетIер сверулеб буго, ракI къватIибе кIанцIизехъин буго)

Гьел симптомал (паническияб атака) лъугIизаризе кIола.

I. ГIемер тира-свере цIияб гьаваялда, 8 сагIаталдаса гIодобе ккечIого кьижа, контракстнияб душ гьабе, валежникаялъул яги пустырникалъул чай гьекъе. Паническияб атакаялда гьелъ кумек гьабуларо; бугониги гьел гIемер гьекъе. Антидепрассантал гьекъоге, гьез сах гьаруларо, гIицIго лъай-гIакълуялда накIкI лъезабула.

2. Черхалъул кIванагIан хIалуцараб хIал лъугьунеб бугони, гьурмада гьогьомараб лъим чIвай. ХIалуцин бахъизе кIола гьадин; берал къанще, бигьа гьарун кверал кIвараб къагIидаялъ данде къай, гьедин щугоялде щвезегIан рикIкIе, хадуб дагь-дагьккун риччан те кверал.

ХIухьел босиялда хадуб хал кква; халатаб заманаялъ ккун хIухьел босун, биччан гьабе.

3. Паническияб атака бугеб мехалъ чиясда жиндаго тIад хъаравуллъи гьабизе кIоларо. Гьединаб мехалъ аскIов ракI бугев чи вукIине хIажалъула. Гьес унтарав гIодов чIезавизе яги вегизавизе ккола. Стакан рукъалъул температура бугеб лъелъе цо стл. гъуд чакарги бан гьекъезе кьела яги шоколадалъул кесек кьела.

Дагьабго гьими

## Дун духъе витIана

Генераласул квартира. НуцIихъ звонокалъул гьаракь бахъуна.

-Щив гьенив вугев?

-Къуват цIикIкIарав, тIадкъаялда рекъон духъе пакет босун вачIана.

-Духъе гуро, дуе! Щивниги гIакълу-лъай бугев чи витIизе бегьуларoандай!?

-Пагьму-лъай бугел гIакълу бугезухъе ритIана, дун духъе витIана…

## Лежачий ментаз босуларо

ГАИялъул кIудиясухъе вачIуна гьезул хIалтIухъанас право бахъарав шофер. Гьес купюраги къватIибе бахъун хIакимасда абула рачIа рекъезабизин,- абун. ГАИялъулав ццим бахъун ахIдола, киназгойищ дир хIалтIухъабаз гьедин шабашка босулеб?,-абун.

Гуро, бетIерчIахъад, лежачий ментаз цо копеек гIарац босуларо,-ян абула шоферас.


| Газета основана 1937 г. УЧРЕДИТЕЛЬ: Администрация Унцукульского района Главный редактор КЕБЕДМАГОМЕДОВА САНИЯТ КЕБЕДМАГОМЕДОВНА | Газета зарегистрирована Управлением Федеральной службы по надзору и сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по РД. Регистр. Пи № ТУ 05-00284 от 20 марта 2014 г. Позиция редакции может не совпадать с точкой зрения авторов, которые несут ответственность за достоверность и объективность, представленных для публикации материалов. Рукописи не рецензируются и не возвращаются. | Адрес редакции: 51373 Унцукульский район п. Шамилькала ул. М. Дахадаева 3 Телефон редактора 89896522856 sadovoduns@yandex.ru 398940 | Адрес издателя и типографии г. Махачкала «Дом печати» ул. Акушинского 21. Подписано в печать - 5. 9. 18 г. 16. 30 фактически -15. 45 мин. Газета выходит 52 раз в год на аварском и русском языках Тираж - 1000 экз. |
|---|---|---|---|